# DSHS lajan kach ou oswa benefis manje
**Your DSHS Cash or Food Benefits**

| NON KLIYAN (CHÈF KAY LA) |
|---|
| NIMEWO KAT IDANTITE KLIYAN: |

## Sibvansyon lajan kach DSHS TANF, Lajan kach pou refijye, ABD kach, Divèsyon

☐ **Objektif**

DSHS bay sibvansyon lajan kach pou rezidan ki gen revni fèb yo ki kalifye pou pwogram asistans piblik.

Benefis sa yo ap ede w peye pou depans lavi debaz (RCW 74.04.770).

Sibvansyon lajan kach TANF dwe itilize sèlman pou benefis timoun yo ki nan swen w. Nou ka mande prèv ke ou itilize sibvansyon TANF pou bezwen timoun yo (RCW 74.12.260).

☐ **Itilizasyon Apwopriye**

Ou ka itilize sibvansyon lajan kach pou depans lavi yo tankou:

- Abri
- Gaz
- Manje
- Sèvis transpò
- Rad
- Antretyen kay
- Ijyèn Pèsonèl
- Depans pou travay

☐ **Itilizasyon ilegal**

Daprè RCW 74.08.580, li pa legal pou itiilze kat Transfè Benefis Elektwonik (EBT) oswa lajan kach nan kat EBT pou:

- Jwèt aza. Jwèt aza gen ladan tikè lotri, rale tab, tablo bò, bengo, kous cheval, jwèt kazino, ak nenpòt jwèt chans ou te jwenn nan RCW 9.46, 67.16, ak 67.70.
- Achte sèvis nan tatou, pèse kò oswa boutik ar kòporèl.
- Achte sigarèt oswa tabak.
- Achte atik alkòl.
- Achte machandiz oswa sèvis nan:
  - Taverns.
  - Boutik Byè oswa diven sòfsi yo ta otorize l kòm yon revandè SNAP oswa WIC.
  - Etablisman plezi lannwit.
  - Ajans kosyon.
  - Etablisman jwèt aza.
  - Lokal plezi pou granmoun avèk pèfòmans sesyèl.
  - Nenpòt lokal kote yon moun ki anba laj 18 ane pa otorize pou ale.
    - Pa egxanp, detayan marigwana kote yo vann pwodui marigwana ki baze sou plant.

## Benefis manje DSHS

☐ **Objektif**

Pwogram asistans manje DSHS gen ladan:

- Manje debaz.
- Pwogram Asistans Manje pou Imigran legal yo [Food Assistance Program for legal immigrants (FAP).
- Pwogrm Aplikasyon Konbine Washington [Washington Combined Application Project (WASHCAP).]
- Asistans Manje Tranzisyonèl [Transitional Food Assistance (TFA)]

Pwogram sa yo bay asistans pou moun ki gen revni fèb yo pou yo ka achte manje avèk kat transfè benefis elektwonik (EBT).

☐ **Itilizasyon Apwopriye**

Oumenm ak kay ou, ka itilize benefis manje w pou achte manje nan men yon detayan USDA otorize, Sèvis Nitrisyon ak Manje (FNS).

Ou ka itilize benefis ou pou achte:

- Pen ak sereyal.
- Fwi ak legim.
- Fwomaj, fèt, ak pwodui letye yo.
- Vyann, pwason, poul, ak ze.
- Pifò manje yo ot ke manje cho ki prepare yo.
- Grenn ak plant ki pwodui manje.

☐ **Itilizasyon ilegal**

Li ilegal pou:

- Itilize benefis manje pou nenpòt lòt bagay ot ke achte manje pou manm fanmi ki kalifye yo.
- Vann, osa eseye pou vann, kat EBT ou.
- Echanje benefis ou, oswa manje ou achte avèk kat EBT ou, pou nenpòt bagay de valè (trafik).
  Egzanp trafik ilegal gen ladan echanje benefis manje pou lajan kach, dwòg, oswa zam.
- Bay nenpòt moun fè pati nan kay ou benefis ou.
- Itilize benefis manje pou achte atik ki pa manje. Egzanp yo gen ladan sigarèt, tabak, byè, diven, likè, founiti pou kay, savon, pwodui papye, vitamin, medikaman, oswa manje pou bèt domestik.
- Itilize benefis manje w pou peye sou kont kredi yo.



Barcode label

14520

<table>
<tr><th>Sibvansyon lajan kach DSHS<br>TANF, Lajan kach pou refijye, PWA, ABD kach, Divèsyon</th><th>Benefis manje DSHS</th></tr>
<tr><td>

☐ **Penalite pou tilizasyon ilegal**

Si ou itilize kat EBT w oswa lajan kach nan kat EBT w ilegalman oswa nan fason ki pa apwopriye, nou ka:

- Deziyen yon benefisyè pwoteksyon pou jere sibvansyon lajan kach ou.
- Mande prèv ou itilize sibvansyon w pou timoun yo ki nan swen ou.
- Mete fen nan benefis lajan kach ou.
- Pouswiv aksyon legal, sa ki gen ladan pouswit kriminèl.

☐ **Frè pou Gichè Otomatik pou retr& kat EBT yo**

Lè ou itilize kat EBT w pou fè retrè lajan kach nan yon ATM:

- Pwopriyetè ATM nan oswa bank kap opere machin nan ka chaje yon frè siplis.
- Depatman an pa peye oswa ranbouse pou frè sichaj ATM.
- Ou ka anmezi pou resevwa lajan kach nan kèk magazen san ou pa peye yon frè.

</td><td>

☐ **Penalite pou tilizasyon ilegal**

Si ou mal itilize entansyonèlman benefis manje ou, ou ka anmezi pou:

- Egzije pou repeye nenpòt benefis trafike.
- Diskalifye ak pèdi benefis ou yo:
  - Pou omwen yon lane.
  - Jiska pou toutan.
  - Wap toujou diskalifye menm si ou deplase ale nan yon lòt eta.
- Sijè nan penalite.
- Pouswiv aksyon legal, sa ki gen ladan pouswit kriminèl.

  DSHS pral kolabore avèk otorite lokal, eta, ak federal pou pouswiv trafik nan benefis manje.

</td></tr>
</table>

Lè ou siyen anba, Mwen dakò ke yo te eksplike m itilizasyon legal ak apwopriye benefis lajan kach ak manje DSHS. Mwen konprann itilizasyon apwopriye benefis ak penalite pou itilizasyon ilegal. Mwen konprann elijiblite m pou benefis DSHS pa afekte si mwen pa siyen fòm sa a. Nenpòt moun ki neglije pou siyen fòm sa a toujou sijè nan pwogram oswa penalite kriminèl pou itilizasyon ilegal benefis yo.

Mwen konprann kat EBT mwen an bay DSHS yon istwa sou tranzaksyon mwen yo sa ki gen ladan ki kote mwen itilize kat mwen. Mwen konprann DSHS pral itilize enfòmasyon sa a, ak istwa m pou mande kat ranplasman, ou ankete sou move itilizasyon sibvansyon lajan kach oswa benefis manje.

| SIYATI APLIKAN | DAT |
|---|---|
| | |

☐ Refize siyen; Inisyal Anplwaye DSHS ______________